

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN


3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa cara pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Méthode ngaguar sacara teknis ngeunaan strategi nu digunakeun dina panalungtikan. Pikeun ngahontal tujuan, dina ieu panalungtikan ngagunakeun méthode kualitatif.

Aya sababaraha istilah anu sok digunakeun pikeun panalungtikan kualitatif, diantarana nya éta panalungtikan naturalistik, étnografi, interaksionis simbolik, life history, folklor, étnométhodologi, studi kasus, interprétatif, ékologis, jeung deskripsi.

Bogdan jeung Tylor dina Endraswara (2006:85) nyebutkeun yén kajian kualitatif mangrupa prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data deskriptif, boh lisan atawa tulisan sarta paripolah anu bisa katitén.

3.2 Désain Panalungtikan



3.3 Populasi jeung Sampel

Populasi mangrupa objék sakabéhna tina objék nu ditalungtik. Nurutkeun Sugiyono (2015:2012) populasi diartikeun salaku wilayah *generalisasi* nu ngawengku: objék/subjék nu ngabogaan kualitas jeung karakteristik nu tangtu nu ditetepkeun ku panalungtik pikeun dipedar sarta dicindekeun. Sedengkeun sampel mangrupa bagian

tina éta populasi. Populasi di dieu leuwih museur kana wilayah atawa jangkawan panalungtik.

3.3.1 Populasi jeung Sampel Data di Kota Tasikmalaya

Kota Tasikmalaya nu legana 17.156,20 Ha ngawengku 10 kacamatan, 69 kelurahan. Nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta 3 Kacamatan nu saterusna di sampelkeun deui ngagunakeun téknik *purposive sampling*.

Purposive sampling nya éta sampel anu bertujuan. Penyempelan dilakukan ku cara nyaluyukeun gagasan, asumsi, sasaran, tujuan, manfaat anu rék dihontal ku panalungtik. Penyampelan samodél kieu kaasup kana golongan non probabilitas. Panalungtik bisa nyokot sampel luyu jeung kahayangna, (Endraswara, 115:2006).

Tabél 3.1

Populasi jeung Sampel Data di Kota Tasikmalaya

Populasi Panalungtikan	Sampel Panalungtikan
1. Kacamatan Cihideung	1. Kacamatan Purbaratu
2. Kacamatan Cipedes	2. Kacamatan Mangkubumi
3. Kacamatan Tawang	3. Kacamatan Cibeureum
4. Kacamatan Indihiang	
5. Kacamatan Kawalu	
6. Kacamatan Cibeureum	
7. Kacamatan Tamansari	
8. Kacamatan Mangkubumi	
9. Kacamatan Purbaratu	
10. Kacamatan Bungursari	

Pola sampel: tina skripsi Retty Isnendes taun 1998

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, dihandap ieu baris dijelasseun wangenan operasional anu patali jeung ieu judul panalungtikan, nya éta;

- 1) **silsilah ngaran-ngaran tempat** nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta asal-usul atawa sajarah ngajanggélékna ngaran tempat nu aya di Kota Tasikmalaya;
- 2) **bahan ajar** nya éta matéri atawa média pikeun kagiatan diajar dina pangajaran Basa Sunda;
- 3) **dongéng** nya éta carita anu tersebar dimasyarakat sacara turun-tumurun ngaliwatan média lisan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) alat rékam anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan silsilah ngaran tempat di Kota Tasikmalaya;
- 2) kaméra pikeun ngadokumentasikeun hal-hal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan;
- 3) kartu panalungtikan pikeun idéntitas informan;

Tabél 3.2

Daftar Informan
No:
Wasta :
Jenis kelamin:
Umur :
Alamat :
Pakasaban :

- 4) daftar patalékan mangrupa naon anu dijadikeun patalékan dina ieu panalungtikan;
- a) Kumaha kasang tukang ngaran ieu kampung/tempat?
 - b) Naha aya carita/dongéng anu milu mangaruhan kana ieu ngaran?
 - c) Naha aya kajadian, tug nepi ka diabadikeun jadi ngaran kampung?
 - d) Miboga harti naon ieu ngaran kampung/tempat nurutkeun masyarakat didieu?

3.6 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik observasi, wawancara, dokuméntasi, jeung studi pustaka.

3.6.1 Téknik Observasi

Téknik observasi digunakeun pikeun niténan jeung nangtukeun sampel dimimitian ku ngalakukeun wawancara ka tokoh masarakat anu mikanyaho kana dongéng éta.

3.6.2 Téknik Wawancara

Téknik wawancara nya éta téknik anu digunakeun pikeun nyangking informasi lisan. Téknik wawancara anu digunakeun nya éta wawancara bébas, dina harti ieu wawancara ngaguluyur saayana, tapi tetep panalungtik fokus kana tujuan panalungtikanana.

3.6.3 Téknik Dokumentasi

Téknik dokumentasi nya éta téknik pikeun ngadokumentasikeun hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan.

3.6.4 Téknik Studi Pustaka

Téknik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun bahan tulisan dina néangan tur nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan.

3.7 Téknik Ngolah Data

Téknik ngolah jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan katitén saperti ieu di handap:

- 1) mariksa sarta niténan data anu geus dikumpulkeun ngaliwatan observasi, wawancara, dokuméntasi jeung studi pustaka;
- 2) ngelompokkeun ngaran-ngaran tempat dumasar kana aspék-aspékna;
- 3) ngadéskrisikeun unggal ngaran tempat;
- 4) Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.

3.8 Léngkah Garapan

3.8.1 Léngkah Tatahar

Léngkah-léngkah tatahar ngawengku:

- 1) nangtukeun judul panalungtikan;
- 2) nangtukeun masalah, garapan, tempat, jeung objék panalungtikan;
- 3) nyieun proposal;
- 4) ngayakeun ulikan pustaka ku cara neuleuman buku nu aya patalina jeung ieu panalungtikan;
- 5) konsultasi ka dosén pangaping; jeung
- 6) nyieun surat ijin panalungtikan.

3.8.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data ngawengku:

- 1) neangan data statistik unggal kacamatan anu rek ditalungtik;
- 2) neangan data monografi ka kantor kacamatan jeung kelurahan nu rék ditalungtik;

- 3) néangan data silsilah ngaran tempat di unggal kacamatan nu rék ditalungtik ku cara néangan data ka narasumber (informan) di unggal tempat.

3.8.3 Léngkah Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun saterusna diolah ngagunakeun léngkah-léngkah dumasar kana téknik ngolah data;

- 1) mariksa sarta niténan data anu geus dikumpulkeun;
- 2) ngelompokkeun ngaran-ngaran tempat dumasar kana aspék-aspékna;
- 3) ngadéskripsikeun unggal ngaran tempat;
- 4) Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.

3.8.4 Léngkah Nyusun Data

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan sabada hasil dipasing-pasing, dianalisis nepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif, anu ahirna disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.